**दिन–सोमवार** **दिनांक–05.01.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति राज्य स्तरीय शिक्षक पात्रता परीक्षा, एसटीईटीक परिणाम जारी कऽ देलक अछि। समितिक अध्यक्ष आनंद किशोर बतौलनि जे परीक्षा मे कुल दू लाख छप्पन हजार अभ्यर्थी सफल भेलाह अछि। ओ बतौलनि जे पहिल पेपर मे एक लाख चौवन हजार जखनकि दोसर पेपर मे एक लाख दू हजार अभ्यर्थी लोकनि कैं सफलता भेटलनि अछि। श्री किशोर बतौलनि जे कुल संतावन प्रतिशत अभ्यर्थी सफल भेलाह अछि। परिणाम समितिक वेबसाइट पर उपलब्ध अछि।

---

बिहार मे केन्द्र सरकारक सहयोग सँ साढ़े छओ लाख करोड़ टाकाक विभिन्न विकास परियोजना सभ पर काज चलि रहल अछि। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक अध्यक्षता मे आयोजित प्रगतिक पचासम बैसारक उपरांत पटना मे सवांददाता सभसँ बातचीत मे ई जानकारी देलनि। ओ राज्यक विकास मे लगातार केन्द्र सँ भेंटि रहल सहयोगक लेल प्रधानमंत्री कैं धन्यवाद देलनि। श्री चौधरी बतौलनि जे राज्य मे रेलवेक एक लाख अड़तीस हजार करोड़ टाकाक लागति सँ अड़तीस परियोजना सभ निर्माणाधीन अछि। ओतहि, सड़क परिवहन मंत्रालयक अंतर्गत अंठानवे हजार करोड़ टाकाक लागतिवला एक सय चौबीस टा परियोजना सभ कार्यान्वित कयल जा रहल अछि। उपमुख्यमंत्री बतौलनि जे ऊर्जा क्षेत्र सँ जुड़ल दस टा परियोजना प्रगति पर अछि आओर एहि मे अस्सी हजार करोड़ टाकाक निवेश कएल गेल अछि।

---

उपमुख्यमंत्री सह राजस्व एवं भूमि सुधार मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि अछि जे भूमि विवादक त्वरित समाधान सरकारक प्राथमिकता अछि। श्री सिन्हा आइ भागलपुर मे भूमि सुधार जनकल्याण संवाद कैं संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे आब सरकार सीधे नागरिक सभक सुनवाई आओर अधिकारी सभक जवाबदेही तय करबा पर फोकस कऽ रहल अछि। श्री सिन्हा कहलनि जे जनकल्याण संवादक दरमियान प्राप्त आवेदन सभकैं डिजिटल पोर्टल पर दर्ज कऽ ओकर नियमित मॉनिटरिंग कएल जाएत। चौदह जनवरीक उपरांत जिला

आओर अंचलवार विभागीय कार्य सभक समीक्षा होयत। ओ कहलनि जे लोक सभक सुविधाक लेल सीएससी सेंटर खोलल जायत।

———————————————————————

पंचायती राज मंत्री दीपक प्रकाश अधिकारी सभकेँ समय पर विभागीय परियोजना सभ पूरा करबाक निर्देश देलनि अछि। सीवान मे पत्रकार सभ सँ बातचीत मे ओ कहलनि जे कार्य सभक गुणवत्ता सँ कोनो समझौता स्वीकार्य नहिं होयत।

———————————————————————

दिल्ली उच्च न्यायालय राजद अध्यक्ष लालू प्रसादक याचिका पर सीवीआई सँ जवाब मंगलक अछि। याचिका मे लालू प्रसाद कथित आईआरसीटीसी घोटाला मे अपन खिलाफ आरोप सभकेँ चुनौती देलनि अछि। मामिलाक अगिला सुनवाई चौदह फरवरी केँ होयत। गौरतलब अछि जे पछिला बरख अक्टूबर महिना मे लालू प्रसाद, हुनक पत्नी राबड़ी देवी, पुत्र तेजस्वी प्रसाद यादव आओर एगारह टा अन्य लोकक खिलाफ धोखाधड़ी अपराधिक, षड़यंत्र आओर भ्रष्टाचारक आरोप तय कएल गेल छल।

———————————————————————

प्रदेशक प्रमुख बस स्टैंड सभ पर जीविका दीदीक रसोई खोलल जाएत। पहिल चरण मे पटनाक बांकीपुर, फुलवारी शरीफ, बस स्टैंडक अलावा दरभंगा, सीतामढ़ी, सहरसा, बिहारशरीफ समेत उन्नैस टा बस स्टैंड शामिल अछि।

———————————————————————

पटना उच्च न्यायालयक नव–नियुक्त मुख्य न्यायाधीश संगम कुमार साहू सात जनवरी केँ शपथ लेताह। लोकभवन मे आयोजित कार्यक्रम मे राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां हुनका पद आओर गोपनियताक शपथ दियौताह।

———————————————————————

भाजपा नेता आ पूर्व उपमुख्यमंत्री सुशील कुमार मोदीक आइ जयंती अछि। एहि अवसर पर पटनाक राजेन्द्र नगर मे आयोजित कार्यक्रम मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, सुशील कुमार मोदीक आदमकद प्रतिमाक लोकार्पण कयलनि आओर हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कएलनि। एहि अवसर पर मंत्री विजय कुमार चौधरी, रामकृपाल यादव, स्थानीय सांसद रविशंकर प्रसाद आओर प्रदेश भाजपा अध्यक्ष संजय सरावगी समेत एनडीएक कतेको वरिष्ठ

नेता आओर कार्यकर्त्ता उपस्थित छलाह। बाद मे कृषि मंत्री रामकृपाल यादव पत्रकार सभ सँ बातचीत मे बतौलनि जे सरकार सुशील मोदीक जयंती राजकीय समारोहक रूप मे मनएबाक फैसला कएलक अछि।

———————————————————————

सर्द पछवा हवाक चलते पूरा प्रदेश कड़गर ठंढ़ाक चपेट मे अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जानकारीक अनुसार आइ **पांच दशमलव पांच डिग्री सेल्सियस** न्यूनतम तापमानक संग गयाजी राज्यक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल। आइ राज्यक तीस टा जिला मे शीतदिवसक स्थिति बनल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला चारि दिनक दरमियान न्यूनतम तापमान मे **दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस** धरिक गिरावट संभावित अछि। काल्हि भोरे मधुबनी, सुपौल, अररिया, सीतामढ़ी, किशनगंज, पूर्वी चंपारण, पश्चिमी चंपारण, शिवहर, औरंगाबाद, गयाजी आओर नवादा जिला मे किछु स्थान सभ पर घनगर कुहेस पसरल रहत। ओतहि, राज्यक उत्तर आओर दक्षिण पूर्व हिस्सा सभ मे कतेको स्थान सभ पर शीतदिवसक चेतावनी जारी कएल गेल अछि।

———————————————————————

दरभंगाक पॉक्सो अदालत एकटा नबालिग बालिकाक संग दुष्कर्मक मामिला मे दोषी मोहम्मद प्यारे कैँ बीस सालक कारावास आआरे पच्चीस हजार टाकाक अर्थदण्डक सजा सुनौलक अछि।

मधुबनी जिलाक राजनगर थाना क्षेत्र मे एकटा युवकक बेरहमी सँ पिटाईयक मामिला मे पुलिस तीन टा युवक के गिरफ्तार कएलक अछि।

———————————————————————

समाप्त